

504 Accommodations: Elèv ak Gid Fanmi

Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an mande lekòl leta yo pou ofri sèvis ak akomodasyon pou elèv elijib ki gen andikap. Sèvis sa yo ede elèv ki gen bezwen sante espesyal yo pou yo patisipe plèman nan lekòl la. Gid sa a eksplike ki moun ki kalifye pou akomodasyon yo, fason pou yo aplike, ak fason pou yo devlope plan akomodasyon yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan Section 504 ale sou sitwèb Depatman Edikasyon (DOE). Ou ka jwenn plis eksplikasyon si w kontakte kowòdonatè 504 lekòl ou an.

Ki elèv ki kalifye pou akomodasyon 504?

Elèv yo kalifye si:

1. Yo genyen yon andikap fizik oswa mantal, epi si yo pa gen yon IEP.
2. Andikap la limite pratikman omwen yon gwo pati nan aktivite lavi.

1. Andikap fizik oswa mantal

Kèk egzanp andikap fizik oswa mantal se andikap fizik, kondisyon sante, maladi mantal, ak pwoblèm aprantisaj.

- **Andikap pou yon ti tan** (tankou janm kase) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Sa a depann sou jan andikap lan afekte elèv la, tan l ap dire ak jan li grav.
- **Andikap Kwonik** (tankou opresyon) ka kalifye yon elèv pou akomodasyon 504. Yo aksepte elèv yo si andikap la limite pratikman yon gwo pati nan aktivite lavi lè li ap manifeste.

2. Yon gwo pati nan aktivite lavi

- | | | |
|--------------------|---------|------------------------|
| • Pran swen tèt ou | • Manje | • Konsantre |
| • Mache | • Dòmi | • Panse |
| • Wè/Gade | • Kanpe | • Kominike |
| • Tande | • Leve | • Aprann |
| • Pale | • Pliye | • Travay |
| • Respire | • Lekti | • Fè travay avèk men w |

Èske pitit ou an gen yon andikap ki anpeche li fè youn nan aktivite ki site pi wo a? Si wi, pitit ou an ka kalifye pou akomodasyon anba Seksyon 504. Kou yo fin soumèt fòm kòrèk yo nan lekòl la, yo revize chak ka elèv la endividyèlman.

Ki akomodasyon ki disponib pou elèv elijib yo dapre Seksyon 504 ?

Elèv ou an ka elijib pou sèvis medikal, akomodasyon edikasyon, oswa pou toude.

- **Sèvis Sante** se pou elèv ki bezwen pran medikaman (tankou ensilin) oswa resevwa yon tretman espesyal nan lekòl la. Pou sèvis sa yo, tanpri soumèt fòm enpòtan sa a **Fòm pou bay Medikaman (Medication Administration Form, MAF)** oswa **Fòm Tretman Medikal Preskri (Medically Prescribed Treatment Form)** pou lekòl pitit ou an.
- **Akomodasyon Edikasyon** se akomodasyon pou elèv ki bezwen yo nan bilding, salklas oswa akomodasyon pou egzamen. Paegzanp, elèv ki gen pwoblèm pou tande ka bezwen pou yo chita pre tablo an. Lòt elèv ka bezwen poz, oswa tan ekstra pou pran egzamen. Pou akomodasyon sa yo, tanpri soumèt **Demand pou Akomodasyon 504, Revizyon Medikal pou Akomodasyon 504 ak fòm HIPAA** pou kowòdonatè 504 lekòl ou an.

Kòman pou mande akomodasyon yo?

Ranpli yon MAF, Fòmilè Trètman Medikal Preskri (Medically Prescribed Treatment Form) ak/oswa Demand pou Fòm Akomodasyon 504 yo. Tout aplikasyon yo sou paj fòm sante nan lekòl la sou sitwèb DOE an. Ou ka mande tou Kowòdonatè 504 lekòl ou an pou fòm yo.

Retounen fòm ou fin ranpli yo ba kowòdonatè plan 504 lekòl ou a. Nenpòt medikaman oswa fòm tretman medikal yo pral ale nan lekòl la enfimyè/pwofesyonèl medikal nan bilding lan. Pou Akomodasyon nan Edikasyon, Kowòdonatè Seksyon 504 la ap kontakte w pou fikse yon reyinyon pandan yonn nan 30 jou ki vini apre premye demann lan. Nan reyinyon an, Ekip 504 lekòl la pral revize demand ou an ak lòt enfòmasyon enpòtan konsènan pitit ou an. Ekip 504 la ap detèmine si pitit ou a elijib pou akomodasyon yo. Yo pral deside tou ki akomodasyon ki pi apwopriye.

Ki moun ki prale nan reyinyon akomodasyon edikasyon 504?

Moun ki konnen kapasite pitit ou an ap ale nan reyinyon 504 lan. Yo konprann enfòmasyon y ap revize yo epi konnen tip akomodasyon k ap satisfè bezwen pitit ou an.

Yo toujou envite paran yo pou patisipe nan reyinyon an.

Reyinyon 504 la dwe genyen ladan omwen 2 moun ki ka:

- **Pale sou Kapasite ak konpetans pitit ou an.** (Pwofesè pitit ou an oswa konseye pedagogik li ka ale.)
- **Rapò Entèprèt oswa evalyasyon yo.** (Travayè sosyal lekòl la oswa enfimyè an ka ale.)
- **Pataje enfòmasyon an konsènan akomodasyon yo ka satisfè bezwen pitit ou yo.** (Kowòdonatè 504 la ka vini.)

Ki enfòmasyon yo revize nan reyinyon an ?

Ekip 504 la pral revize enfòmasyon an k ap dekri kapasite ak bezwen pitit ou yo. Enfòmasyon an pral soti nan diferan sous. Ekip la ka revize egzamen pitit ou yo, obsèvasyon, echantyon travay, kanè, ak dosye medikal yo. Sa a pral ede ekip la konprann kapasite pitit ou an, siksè, konpòtman, ak bezwen medikal yo. Paran ak estaf lekòl ka bay tout enfòmasyon yo panse ki dekri pi byen kapasite ak bezwen pitit la.

Dyagnostik ak Sijasyon Doktè Pitit ou an

Doktè pitit ou an dwe ranpli Revizyon Medikal pou Akomodasyon 504 yo. Doktè an ka konseye lekòl la bay kèk akomodasyon. Ekip 504 la pral detèmine si akomodasyon sa yo apwopriye, epi kòman pou bay yo nan lekòl la.

Kòman yo detèmine elijibilite ?

Ekip 504 la pral konsidere si andikap pitit ou an limite li anpil nan majorite aktivite lavi a. Yo pral pran desizyon ki baze sou enfòmasyon yo revize nan reyinyon an. Ekip 504 la pral konsidere si andikap pitit ou an genyen yon gwo enpak sou pèfòmans oswa patisipasyon pitit ou an nan lekòl la.

Èske pitit mwen an ka resevwa sèvis ki gen pou wè ak lòt sèvis avèk yon Plan 504 ?

Non. Pitit ou an **pa** ka jwenn sèvis ki gen pou wè avèk plan 504. Egzanp sèvis ki gen rapò avèk lòt sèvis yo se terapi fizik, terapi pou langaj ak sèvis konsèy. Si pitit ou an sanble bezwen sèvis sa yo, Ekip 504 la pral refere pitit ou an nan lekòl la oswa Komite distri sou Edikasyon Espesyal la.

Èske pitit mwen an bezwen plan 504 pou akomodasyon sante/medikal?

Se pa tout elèv ki bezwen sèvis sante nan lekòl la ki bezwen yon plan 504. Si sèvis sante pitit ou an pa afekte abilite li pou patisipe plèyman nan lekòl la, konsa li pa bezwen yon plan 504.

- **Egzanp 1:** Yon elèv vizite biwo enfimyè yon fwa pa jou nan tan manje midi pou pran medikaman nan bouch li. Yo pa bezwen okenn sipò oswa akomodasyon.
 - **Elèv sa a pa bezwen yon Plan 504.**
- **Egzanp 2:** Pandan jounen lekòl la, yon elèv ki gen dyabèt dwe fè kontwole nivo glisemi li pandan jounen an, pran ensilin kèk fwa, ak bezwen itilize twalèt epi gen aksè avèk snack glucagon pou jere swen dyabèt lan.
 - **Elèv sa a bezwen yon Plan 504.**

Kouman yo devlope akomodasyon yo ?

Ekip 504 la deside tip akomodasyon ki pral satisfè pi byen bezwen pitit ou an. Ekip la konsidere kondisyon pitit ou an, ak nivo severite li. Yo pral chwazi akomodasyon yo ki pral bay pitit ou an yon chans egal pou patisipe nan lekòl la.

Dèke yo detèmine pitit mwen an elijib, èske l toujou elijib pou akomodasyon ?

Yo dwe revize seksyon Plan 504 yo chak ane anvan fen ane lekòl la ak chanje li nan tan sa , si posib.

Si andikap pitit ou an kontinye limite pratikman patisipasyon pitit ou an nan lekòl la, pitit ou an pral rete elijib pou akomodasyon. Si, yo detèmine andikap pitit ou an pa limite seryezman ankò kapasite l pou l fè yon majorite aktivite nan lavi l, pitit ou an ap vin pa elijib ankò pou akomodasyon (y ap diskontinye Plan 504 la).

Ki tip anons mwen pral resevwa ?

Lekòl yo pral kominike avèk w konsènan règleman seksyon 504 yo Depatman Edikasyon Vil Nouyòk. Tout lekòl afiche yon kote byen vizib pou pataje l Avi pou pa fè diskriminasyon dapre Seksyon 504 *Notice of Non-Discrimination Under Section 504*.

Si Ekip 504 la detèmine ke pitit ou ankalifye pou akomodasyon 504 yo, ou pral resevwa:

- **Yon Anons Elijiblite ak Plan 504.** Plan 504 la pral di w ki akomodasyon yo lekòl ou an rekòmande pou pitit ou an. Ou ap genyen 10 jou pou revize ak aksepte plan 504 la. Si ou pa dakò avèk desizyon lekòl la, pale avèk Direktè Sante Biwo Minisipal la (nan tout Vil la)/Borough. Se lekòl la k ap bay enfòmasyon sou moun pou kontakte.
- **Yon Anons Anyèl pou yon lòt Otorizasyon.** Lèt sa a ap di w diferan etap ou dwe pran pou fè revize plan 504 pitit ou an pou pwochen ane lekòl la.

Eske w gen lòt kesyon?

- Kontakte kowòdonatè plan 504 lekòl ou a.
- W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan akomodasyon sou sitwèb DOE an.